маркадағы шым қырқыўшы культиваторлар менен ислеў бериў усыныс етиледи. Бунда ис өними бираз тезлесип, ғәллени арнаўлы мүддетлерде егиўге имкәният жаратылады. Егис алдынан айдалған ҳәм төгин берилген майданларға **ЧКУ-4** маркалы чизель-культиватор, соң мала менен еки бағдарда ислеў бериледи.

**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ АЎЫЛ ХОЖАЛЫҒЫ МИНИСТРЛИГИ**

**АЎЫЛ ХОЖАЛЫҒЫНДА БИЛИМ ҲӘМ ИННОВАЦИЯЛАР МИЛЛИЙ ОРАЙЫНЫҢ ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ АГРОХЫЗМЕТЛЕР ОРАЙЫ**

**ДӘН ҲӘМ САЛЫ ИЛИМИЙ ИСЛЕП ШЫҒАРЫЎ БИРЛЕСПЕСИ**

# ГҮЗГИ МАСАҚЛЫ ДӘНЛИ ЕГИНЛЕРДИ ЕГИЎГЕ ЖЕРЛЕРДИ ТАЯРЛАЎ БОЙЫНША

***У С Ы Н Ы С Л А Р***

AKIS
QISHLOQ XO'JALIGIDA BILIM VA INNOVATSIYALAR MILLIY MARKAZI

**Нөкис 2022-жыл**

**Гүзги масақлы дәнли егинлерди егиўге жерлерди таярлаў.**

***Гүзде топрақта ызғар топлаў.*** Суўғарылатуғын майданларда гүзлик ғәлле егинлеринен мол ҳәм сапалы дән жетистириўде гүзги топырақта ығал топлаў әҳмийетли агротехникалық ис-иләжлардан бири есапланады. Гүзги ығал топлаў бириншиден жерлерди сүриў, топыраққа егис алды ислеў бериў егис сапасын жақсыласа, екинши тәрептен туқымлардың бир тегис ҳәм тез өнип шығыўына имкәният береди. Улыўма алғанда, гүзги бийдай, арпа ҳәм басқа дәнли егинлердиң гүзги өсиў ҳәм раўажланыўы, олардың қыслаўға қайсы дәўирде кириўи болажақ ҳасыл тағдири ҳәм оның сапасын белгилеўши тийкарғы шәртлерден бири есапланады. Суўғарып соң топыраққа ислеў берилген майданларда ғәлле тұқымы қысқа мүддетте толық өнип шығады, гүздиң жыллы температурасынан топрақтағы ығаллылық ҳәм азықлық затлардан өнимли пайдаланылады ҳәм қыстың суўық күнлерине қарамастан толық түплеў дәўирине киреди. Соны айтып өтиўимиз керек, ҳәзирги ўақытта көпшилик фермер хожалықларында шоры жуўылған ғалле майданларын таптан шығарып алып жеткиликсиз ығал топраққа егиў жағдайларыда ушырасады. Бундай жағдайда ғалле тұқымы топырақта ығаллылық жетиспеўи себебинен көгерместен узақ жатып қалады. Бул майданларда тұқымлық тек ғана суўғарғаннан соң ямаса жаўын-шашыннан кейин өнип шыға баслайды. Ғәлле тұқымының құрғақ ямаса жетерли ызғар болмаған топырақта узақ жатыўы олардың ҳәр қыйлы кеселлик ҳәм зыянкеслер менен зыянланыўына алып келеди. Нәтийжеде бул майданларда ғәлле майсалары қыслаўдан сийрек ҳәм нәренжан ҳалда шығады.

Гүзги ызғар топлаў ушын суўғарыў мүддети, оның муғдары ҳәр бир хожалықта ҳаўа-райы ҳәм топырақ шәраятларына, тұқымлықтың биологиялық қәсийетлерине қарап анықланыўы керек. Гүзги ызғар топлаў жумыслары сондай мүддетте болыўы керек, сол жерди сүриў, оны егиўге таярлаў ҳәм егисти арнаўлы мүддетлерде алып барыўға имкәнияты болсын. Ызғар топлаў ушын суўғарыў нормасы, топрақтың механикалық қурамы, изей суўлардың узақ-жақынлығына қарап белгиленеди.

Изей суўлар жақын (3 метрге шекем тереңликте) орташа қумлақлы топырақларда гүзги ызғар топлаў ушын гектарына 600-750 м$^3$ суў бериледи, изей суўлары узақ (3 метрден терең) аўыр қумлақлы топрақларда болса бул көрсеткиш 750-800 м$^3$ ди қураўы мүмкин. Айрым суўды көп талап ететуғын кеш егинлерден (пахта, мәкке, жүўери, кеш баў-бақша ҳәм басқалар) босаған майданларда топрақтағы қалдықлар, ызғарлық муғдарына қарап гүзги суўғарыў нормасы бир қанша азайтылыўы мүмкин.

***Жерлерди тегислеў.*** Суўғарылатуғын майданларда гүзги ғәллени тегис өндирип алыў, гүзги ҳәм бәҳәрги суўғарыў сапасын жақсылаўда, жерлерди лазерли тегислеў үлкен әҳмийетке ийе. Тегислеў жумысларын қайсы механизмлер менен алып барыў жерлердиң тегислик дәрежеси, өткендеги егин түрлерине байланыслы болады. Бәршеге белгили, ғаўаша, мәкке, жуўери, жоңышқа егинлери егилген жерлер бир қанша тегис болады. Бундай жерлерде тек ғана гусеницалы тракторларға орнатылған **ГН-4** ямаса Магнум тракторларға тиркелетуғын **ГН-2,8** аспа грейдерлер жәрдеминде суўғарыў қарықлары ҳәм шеллери тегисленеди.

Ғәлле егиў ушын жаңадан өзлестирилген майданлар болса гүзги суўғарыўдан алдын **П-2,8А** ямаса **ППА-3,1** маркалы кең қамыраўлы лазерли тегислегишлер жәрдеминде жақсылап тегисленеди.

***Жерди сүриў ҳәм топыраққа егис алды ислеў бериў.*** Суўғарылған топырақ жетилискеннен кейин, аўдарма плуглар менен 25-28 см тереңликте сүрилиўи керек. Сүрилип, лазерли тегислегиш пенен тегисленген жерлер дискалар менен ислеў бериледи. Буның ушын **ПВР-3,5, ПВР-2,3** үскенеден **ПЛ-5-25 ҳәм ПЛН-6-35** маркалы ис өнимдарлығы бир қанша жоқары болған плуглар менен аўыр механикалық қурамы жабайы шөп басқан атызларды еки ярусլы **ПЯ-3-3,5, ПД-3-3,5** маркалы плуглар менен айдаў мақсетке муўапық болады. Соның менен бирге, айрым қатар араларына ислеў берилген өткендеги егинлер (ғаўаша, мәкке, жүўери, баў-бақша ҳәм басқалар) ден соң топырақтың ығаллығына қарап, тийкарғы сүримди **КШП-8, КПС-4, РВК-3** ҳәм басқа